



Rechèch Kontak Kapab Metrize COVID-19

FloridaHealth.gov • Depatman Sante Florid

Si yo fè yon dyagnostik COVID-19 pou ou, yon epidemiyolojis nan depatman sante konte ou pral mande ou tout moun ou te vin an kontak avèk yo pandan 2 semèn ki sot pase yo. Epidemiyolojis la ap pale avèk chak moun epi poze yo kesyon sou sante yo. Sa rele rechèch kontak, epi se yon fonksyon debaz sante piblik.

Lè ou bay tout kontak ou yo, ou ede sispann pwopagasyon COVID-19.

1 Tès ou pozitif pou COVID-19.




Ou dwe rete lakay ou.


Izòlman nan kay ak swen lakay pandan 14 jou se sa pifò moun bezwen. Asire ou:

- Izole nan yon sèl chanm, epi itilize yon twalèt apa si sa posib.
- Swiv sentòm ou yo.
- Pran repo epi rete idrate.
- Mande founisè swen sante ou ransèyman sou medikaman pou doulè ak lafyèv.
- Swiv konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) pou swen lakay ou: CDC.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/.

2 Yon epidemiyolojis lokal pral mande, "Avèk kimoun ou te vin an kontak pandan de semèn ki sot pase yo?"



Kontak sa yo gen sentòm yo. Yo dwe izole tèt yo lakay yo yomenm pandan 14 jou. Si sentòm yo vin pi mal, y ap fè tès pou yo pwobableman.



Yo ka poze kontak sa yo kesyon sou kontak pa yo.

3 Epidemiyolojis la ak depatman sante konte ou pral siveye oumenm ak kontak ou yo pandan yon kantite jou.



Kontak ki rate sa a ta ka pwopaje COVID-19 bay lòt moun.



Pou ralanti pwopagasyon COVID-19, epidemiyolojis yo pral eseye jwenn kontak sa a.



Sèten moun ki gen COVID-19 pa gen okenn sentòm ki parèt.

Y ap mande kontak sa a tou pou:

- Pratike distans sosyal: kenbe omwen 6 pye ant yomenm ak lòt moun.
- Swiv sentòm posib COVID-19 yo: lafyèv, tous ak souf kout.
- Jwenn plis enfòmasyon: FLHealthCOVID19.gov oswa CDC.gov/coronavirus.

Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte depatman sante konte a nan FloridaHealth.gov.